# Beltawda da jaslar festivalı bolıp ótti

Keshe Taxtakópir rayonındaǵı Beltaw awıl puqaralar jıyını aymaǵında «Jańa Ózbekstan jasları birleseyik!» uranı menen jaslar festivalı bolıp ótti. Rayon aymaǵınan 35 kilometr qashıqlıqta jaylasqan Beltawda festival qatnasıwshıları jıyın aymaǵındaǵı payızlı orınlardı tamashaladı. Festival aldı kewilli seyiller ótkerildi. Jas talant iyeleri yoshlı namalarda qosıqlar, ayaq oyınlar atqardı. Qatnasıwshılar bir payıtta Nókis qalasında ótkerilip atırǵan jaslar festivalı menen de monitor arqalı tanısıp otırdı. Beltaw awılı aymaǵında Watan aldındaǵı minnetin ótep atırǵan áskerler ushın da bul kún umıtılmas bayramǵa aylandı. Jaslar birigip oyınǵa tústi, doslıq, awızbirshilik hám milletler tatıwlıǵı olardı birlestirdi. Festival doslıq salyutları menen juwmaqlandı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Taxtakópir rayonı hákimligi Málimleme xızmeti